

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

15 NOVANM 2007

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati III egzamen an.

Pati III a baze sou plizyè dokiman.

Pati III A a gen dokiman yo. Chak dokiman gen youn oubyen plis kesyon ki vin apre li. Ekri repons ou pou chak kesyon nan ti liv egzamen sa a nan espas yo ba w la. W ap sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv repons redaksyon apa a, kòmanse nan premye paj ti liv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Ti Liv 2 a epi ekri redaksyon ou an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Eksplikasyon: Sa w gen pou fè a baze sou dokiman 1 jiska 5. Dokiman sa a fêt pou teste abilite w pou travay ak dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo apre chak dokiman. Sèvi ak repons ou pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

Kontèks Istorik:

Selebrasyon yon nouvèl ane se yonn nan pi ansyen festival yo obsève nan ansyen tan yo. Se sèl fêt majorite peyi nan lemonn obsève, malgre li pa toujou nan menm dat la.

Sa w gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman ak anpil atansyon epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo apre chak dokiman. Apre li eksplikasyon yo pou Pati B a epi ekri redaksyon ou an.

Pou Pati B a, sèvi ak repons ou yo nan Pati A a, ak enfòmasyon nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize nan pwòp mo pa ou. Nan redaksyon ou an, ou ta dwe

- Di kòman selebrasyon Nouvèl Ane a an yo pratike nan diferan kilti nan lemonn **sanble epi** kòman yo **diferan**.

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Li chak dokiman yo epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN MEKSIK

Non fèt la nan Meksik: *Año Nuevo*
Selebre 31 Desanm ak 1 Janvye

O Meksik, kèk moun konstwi chato oubyen kay byen wo ak bagèt an bwa espesyalman pou nouvèl ane a. Yo mare yo ak peta. A minwi 31 Desanm, yo limen sa yo fè a pou resevwa nouvèl ane a epi tandé fedatifis k ap eklate. Tout kote nan Meksik 31 Desanm a minwi tapan, ou wè demonstrasyon fedatifis epi tandé peta, klakson, ak klòch. Nan anpil kay, moun yo manje vit, douz rezen oubyen rezen sèk kon minwi sonnen. Yo kwè sa pote bòn chans pou chak mwa nan nouvèl ane a.



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN LEND

Non fèt la nan Lend: *Diwali*
Endou yo selebre pafwa an Oktòb oubyen Novanm


Diwali se yon tan pou mete nouvo rad, manje bagay dous, al wè fanmi ou, fè echanj kado, epi fè ofrand ba sen yo [bondye yo]. Sa ki make selebrasyon an se Festival Limyè a. Fedatifis klere syèl la, epi ti lanp an ajil yo rele *dipas* yo ap klere nan chak tèt kay ak rebò fenèt tankou milye etwal. Ti lanp ak lwil sa yo limen pou resevwa dye richès la, Lakshmi. Machann yo adore Lakshmi paske yo kwè li pote pwosperite [richès]. Yo fe konkou pou jwenn favè li lè yo eseye eksplode peta ki fè plis bri epi ki pi long nan.

Sous: Arlene Erlbach, *Happy New Year, Everywhere!*,
The Millbrook Press

Sous: Bobbie Kalman, *India the Culture*, Crabtree Publishing Company

1 Dapre dokiman sa a, reponn twa késyon ki vin apre yo pou konplete dyagram
Vèn anba a.

- a Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane a nan Meksik *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane a nan Lend. [0.5]
- b Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane anan Lend *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane a nan Meksik. [0.5]
- c Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane a nan Meksik ak Lend *sanble*. [0.5]



Dokiman 2



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN GANA

Non fèt la Gana: *Homowo*

Moun Ga yo nan Sid Gana selebre nan dezyèm oubyen twazyèm Jedi mwa Out epi ki dire jis Dimanch

- Moun Ga yo fete ak mayi bouyi, soup nwa, ak pwason. Yo simen enpe manje atè pou onore bondye yo ak lespri zansèt yo.
- Apre fèt la, yo bay moun ki pa genyen yo manje.
- Yo danse dans tradisyonèl yo.
- Moun Ga yo danse sou son tanbou, klòch, bagèt bambou, ak tchatcha ki fèt ak goud sèk.



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN KANADA

Non fèt la Kanada:

New Year's Day

Kanadyen Fransè yo selebre 31 Desanm ak 1 Janvye

- Kanadyen Fransè yo rasanble manje ak rad pou moun ki nan bezwen.
- Apre yo fin fè rasanbleman sa a, yo retounen lakay yo pou fè fèt ak kodenn griye ak sòs pat nwa ak rezen sèk epi tat nwa a.
- Granmoun yo danse yon dans ki sanble ak dans tradisyonèl Ameriken yo rele kawotaj la.
- Yo danse epi chante mizik folklò pou Kanadyen Fransè yo ki jwe ak akòdeyon oubyen vyolon. Timoun yo souvan ap frape kiyè yo pou jwe mizik la tou.

Sous: Arlene Erlbach, *Happy New Year, Everywhere!*,
The Millbrook Press (adapte)

Sous: Arlene Erlbach, *Happy New Year, Everywhere!*,
The Millbrook Press (adapte)


2 Sèvi ak dokiman sa a, reponn twa kesyon ki vin apre yo pou kapab konplete dyagram Vèn nan.

- a** Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane Moun Ga yo nan Sid Gana *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane Kanadyen Fransè yo. [0.5]
- b** Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane a Kanadyen Fransè yo *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane Moun Ga yo nan Sid Gana. [0.5]
- c** Bay **yon** fason celebrasyon Nouvèl Ane Moun Ga yo nan Sid Gana ak Kanadyen Fransè yo *sanble*. [0.5]

Yon celebrasyon moun Ga yo
nan Sid Gana, Sèlman

TOULÈDE

Yon celebrasyon Kanadyen
Fransè yo, Sèlman



Dokiman 3



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN BÈLJIK

Non fèt la nan Bèljik:

Jou Sen Silvès

Selebre 31 Desanm

ak 1 Janvye

Si ou te viv nan sid Bèljik, ou t ap gen pou fini yon pwojè espesyal jou 31 Desanm nan: yon lèt pou Nouvèl Ane a bay paran ou. Timoun Bèlj yo travay sou lèt yo depi jou apre Nwèl pou jis 31 Desanm. Nan lèt yo gen remèsiman pou paran yo ak pwomès sou plan yo pou nouvèl ane a. Timoun yo dekore lèt yo ak desen, kolan, ak ti klere. Premye Jou Lane a, chak timoun nan fanmi an kanpe sou yon chèz epi li lèt la pou paran li yo pou montre kòman li renmen yo.

Sous: Arlene Erlbach, *Happy New Year, Everywhere!*, The Millbrook Press

3a Dapre dokiman sa a, kòman yo rele selebrasyon Nouvèl Ane a an Bèljik? [0.5]

Score

b Dapre dokiman sa a, poukisa timoun an Bèljik ekri yon lèt pou Nouvèl Ane a bay paran yo? [0.5]

Score

Dokiman 4



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN BREZIL

Non fèt la Brezil: Ano Novo

Selebre 31 Desanm
ak 1 Janvye

A minwi lavèy Joudlan, moun nan Sid Brezil al nan plaj. Yo limen balèn epi mete yo sou sab la pou onore Iemanjà, dye lanmè a. Kèk moun simen petal flè nan lanmè a pou li. Lòt yo bay Iemanjà bijou, pafen, oubyen fwi. Yo voye kado yo nan dlo a oubyen mete yo nan ti bato. Si bagay yo rete sou dlo a, moun yo kwè Iemanjà ap satisfè demand yo.

Lavèy Joudlan oubyen Premye Jou Lane a, moun yo souvan manje kodenn, poul, oubyen janbon ak lantiy [pwa]— ak *rabanada* kòm desè. Rabanada sanble ak pen griye Fransè. . . .

Sous: Arlene Erlbach, *Happy New Year, Everywhere!*, The Millbrook Press (adapte)

- 4a** Dapre dokiman sa a, bay **yon** manje moun Brezil fè pou manje oubyen pou fete Nouvèl Ane a. [0.5]
-
-

Score

- b** Dapre dokiman sa a, bay **yon** fason moun Brezil onore Iemanjà pandan selebrasyon Nouvèl Ane a. [0.5]
-
-

Score



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN VYETNAM

- Selebrasyon Nouvèl Ane a rele *Tet Nguyen Dan*.
- Chak moun gen yon lane anplis Premye Jou nan Lane a.
- Selebrasyon an dire twa jou.
- Yo selebre li pafwa ant mitan mwa Janvye ak mitan mwa Fevriye.
- Moun yo limen peta a minwi lavèy Nouvèl Ane a.



SELEBRASYON NOUVÈL ANE NAN LACHIN

- Selebrasyon Nouvèl Ane a rele *Sun Nin*.
- Chak moun gen yon lane anplis Premye Jou nan Lane a.
- Selebrasyon an dire 15 jou.
- Yo selebre li pafwa ant mitan Janvye ak mitan Fevriye.
- Moun yo pote lantèn epi eksplode peta pandan parad yo dènye jou selebrasyon Nouvèl Ane a.

Sous: All maps used in Documents 1–5 are from *Mountain High Maps*, Digital Wisdom.

- 5 Sèvi ak dokiman sa a, reponn twa kesyon ki vin apre yo pou kapab konplete dyagram Vèn nan
- a Bay ***yon*** fason celebrasyon Nouvèl Ane a nan Vyvetnam *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane a nan Lachin. [0.5]
 - b Bay ***yon*** fason celebrasyon Nouvèl Ane a nan Lachin *diferan* ak celebrasyon Nouvèl Ane a nan Nyetnam. [0.5]
 - c Bay ***de*** fason celebrasyon Nouvèl Ane a nan Vyvetnam ak Lachin *sanble*. [0.5, 0.5]

Yon celebrasyon nan Vyvetnam, Sèlman

TOULÈDE

Yon celebrasyon nan Lachin, Sèlman

a. _____

(2) _____

c.(1) _____

b. _____

Score Score Score

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Score is 7

Pati B

Redaksyon

Eksplikasyon: Ak pwòp mo pa ou, ekri yon redaksyon byen organize pandan w ap sèvi ak dokiman yo, ak repons yo pou kesyon yo nan Pati A a epi ak konesans ou nan syans sosyal.

Kontèks Istorik:

Selebrasyon yon nouvèl ane se yonn nan pi ansyen festival yo obsève nan ansyen tan yo. Se sèl fêt majorite peyi nan lemonn obsève, malgre li pa toujou nan menm dat la.

Sa w gen pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kote w ap

- Di kòman selebrasyon Nouvèl Ane yo, yo pratike nan diferan kilti nan lemonn **sanble epi** kòman yo **diferan**

Nan redaksyon ou an, sonje pou

- Di kòman selebrasyon Nouvèl Ane yo, yo pratike nan diferan kilti nan lemonn **sanble epi** kòman yo **diferan**
- Mete ladann yon entwodiksyon, yon devlopman, ak yon konklizyon
- Sèvi ak enfòmasyon ki sòti *nan pipiti twa* dokiman nan repons ou
- Mete detay, egzanp, oubyen rezon lè w ap devlope lide ou yo

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Score is 4

Non: _____

Lekòl: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou kapab ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men pa ekri dènye redaksyon w nan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan ti liv repons redaksyon apa a.

Kòmanse ekri dènye vèsyon redaksyon ou a nan ti liv repons redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score (Maximum Score is 35)	
Part II Score (Maximum Score is 14)	
Part III A Score (Maximum Score is 7)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum Score is 4)	
Final Score (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	